



School Board of Brevard County, Florida

Klas K-12 / Fòm Enskripsyon Adilt

Kontwòl - Elèv yo dwe, pandan tan yo ke yo nan on lekòl sou lajan lekòl piblik yo, prezante nan lekòl la, angaje yo nan aktivite lekòl la patwone nan lokal la; ak pandan yon tan rezonab (30 minit) anvan ak apre lekòl, ke elèv la rete nan lokal la pou patisite nan on aktivite lè li sou sipèvizyon direktè lekòl la, pwofesè, on lòt manm nan lekòl la, on chofè bis ki resevwa pèmasyon direktè lekòl la pou aktivite a fèt.

Brevard School Board Policy 5772 Zam:

Dapre lwa Eta a, konsèy direktè yo entèdi elèv nan kèlkeswa lokal on lekòl elementè, segondè, sant aprantisaj altènatif, sant edikasyon granmoun, bilding administrasyon, distri lekòl la, machin distri a, ou kèlkeswa kote ki anba sipèvizyon distri a, ouvè, sèvi, ouswa pote zam jan sa defini nan F.S. 790.001 la epi li genyen ladann e li pa limite a zam afe, nenpòt ki kalite zam, kouto, razwa, klip, zam elektrik, dwa metalik, zam A masyal, minisyon, ak eksplozif. Pou rezon règleman sa a, tèm "zam" vle di tou, entansyon pou itilize l, ouswa reprezante l, sa ki kapab blese grav, domaje kò ouswa domaje, sou pwopriyete, osi byen ke mete an danje sante ak sekirite moun. Règleman sa a dwe enkli aksyon sa yo tankou atik ki pa vre, fo alam dife, menas bonm, ouswa apèl entansyonèl pou manti, fè pè e ki kreye yon kondisyon danjere. Sipèntandan bay dwa pou etabli aksyon ak lapolis sou zafè zam pou repòte tout sa ou konnen sou menas ak aksyon ki mete vi moun an danje. Si w pa rapòte konesans sa yo, ou ka deyò nan lekòl la menm lè a. Eksepsyon fèt nan zafè règ sou zam nan kelkeswa lokal lekòl primè, segondè, sant aprantisaj altènatif, sant edikasyon adilt, reyinyon konsèy, ak nan nenpòt anviwònman Distri a sou bagay sa yo:

A. Manm Fòs Zame, Gad Nasyonal, Polis ouswa lòt ofisye lapolis ki gen lisans, ansanm ak elèv ki enskri nan Pwogram Junyò Distri ROTC a pandan ak anba sipèvizyon dirèk manm anplwaye distri yo kapab genyen yon zam.

B. Atik sa yo apwouve direktè a ouswa administratè sit la pou yon prezantasyon klas ouswa endividyèl ouswa pwopozisyon teyat ki itilize anba sipèvizyon granmoun, itilize pou objektif sa a. (Zam ki mache ak nenpòt minisyon pa apwouve kòm yon pati prezantasyon sa yo)

Sipèntandan an ap refere elèv ki responsab pou krim sa a ak paran l ouswa gadyen l ouswa kriminèl jistis pou jèn moun. Elèv la ka sijè a aksyon disiplinè, jiska ekspilsyon.

Brevard School Board Policy 5530 Prevansyon Dwòg:

Konsèy la entèdi itilizasyon, posesyon, kache, ouswa distribisyon nenpòt dwòg ouswa dwòg ki gen rapò ak kondisyon, ouswa move itilizasyon yon pwodwi ki gen yon sibstans ki ka bay yon efè entoksikan ouswa chanje imè nan lekòl la; nan machin lekòl la; ak nan nenpòt evènman lekòl la patwone. An plis, yo etabli yon zòn dwòg gratis nan lesplas 1000 pye nan nenpòt etablisman ki itilize pa Distri a pou rezon edikatif. Sipèntandan an dwe prepare pwosedi pou idantifikasyon, amelyorasyon, ak règleman itilizasyon dwòg nan lekòl yo. Pwosedi sa yo dwe gen jan pou yo regle ak elèv yo sispèk ap sèvi, vann ouswa posede dwòg. Yo dwe veye ke pwosesis administratif Distri a pou fouye, chache nan règleman 5771, ak règleman sou Sispansyon ak Ekspilsyon 5610, ak Règleman Eksklizif Pèmanan 5610.01 yo respekte ak konplètman.

Brevard School Board Policy 5500 Konduit Elèv la:

Malgre ke nenpòt lòt pwoviyon nan Konsèy Administrasyon Distri Lekòl la nan F.S. 1006.13(5) lan, nenpòt elèv ke yo jwenn komèt yon aksyon agresyon sou nenpòt ki ofisyèl eli nan distri lekòl la, pwofesè, administratè, ouswa lòt pèsònèl Distri lekòl la, yo rekòmande pou ekspilsyon ouswa plasman nan yon lekòl altènatif anviwònman, jan sa apwopriye, pou yon peryòd minimòm de yon (1) ane. Lè yo fin chaje elèv la de ofans sa yo, yo pral retire l nan sal klas la menm lè a epi ya p mete l nan yon anviwònman lekòl altènatif annatant yo regle ka a. Sa a se avi Komisyon Konsèy Lekòl la, Sipèntandan an, direktè lekòl la ak anplwaye lekòl la genyen sou vyolans ak konpòtman vyolan on elèv ouswa granmoun ke yo pap tolere sou pwopriyete lekòl la, nan estasyon bis lekòl la, nan transpò lekòl la patwone, ouswa pandan aktivite lekòl la patwone.

Mwen / Nou pran konsyans règleman sa yo.

Non elèv la (tanpri ekri an majiskil): _____

Siyati elèv la: _____ Dat: _____

Paran /Gadyen (ekri an majiskil): _____

Siyati/ ParanGadyen _____ Dat _____

(Elemantè-Nesesè; Segondè/Granmoun -Si ou vle)